This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

the vaynakh vault

# ШиIийн дин ду иза

***Яздинарг: Шайх Ра́мий Iи́са́***

***Гочдинарг: Нурдин кIант Iадлан***

www.heham.tv

# Гочдархочун дешхьалхе

Вай бусалба а кхоьллина, цул тIаьхьа Мухьаммадан (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) умматах дина, цуьнан асхьабаш безачех, цуьнан хIусамнаной вайн наной лоруш диначу АллахIна бу-кх хастам. АллахIера салават а, маршо а хуьйла шен асхьабашна АллахI реза а хилла, шен хIусамнана Iáишат АллахIа Къуръан чохь боьхачу цIарах дIацIанйина волчу, сийлахь-везачу Мухьаммадна а (саллаллахIу IалайхIи ва саллам), цуьнан охIланна а, цунна тIаьхьа мел баьзначарна а.

**Цул тIаьхьа!** Дукхахболу бусалба нахана ца девзу шиIийн зен а, боьхалла а, кху умматна царех болу кхерам а, мелхо а, дукханна уьш кху умматна пайде нах бу, лаххара а - уьш вайн вежарий бу моьтту! Ткъа муха хир бу вайн вежарий, вайн Делах тешаш боцурш?!

Я вайн Къуръан бакъдеш боцурш?!

Я вайн Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) къобалвеш боцурш?!

Я вайн нана лоруш йолу, Пайхамарна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) уггаре хьоме хилла Iáишатна тIе боьха цIе кхуллуш берш?!

Я кху умматехь, Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) дIаваьлча, уггаре хьалхара стаг, веза эвлаяъ, бусалба нехан дуьххьара халиф, ялсаманица кхаъ баьккхинчу иттаннах хьалхарниг, дуьххьара иман диллинарг, АллахIа Къуръан

чохь хьахийна, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шех «Бакъверг» аьлла цIе яьккхина волу Абу Бакр керста хилла, кху лаьттан букъ тIехь Делан халкъах уггаре боьханиг ву бохуш берш?!

Я кху умматехь, Пайхамар а (саллаллахIу IалайхIи ва саллам), Абу Бакр а дIаваьлча, уггаре хьалхара стаг, веза эвлаяъ, бусалба нехан шолгIа халиф, ялсаманица кхаъ баьккхинчу иттаннах шолгIаниг, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шел тIаьхьа пайхамар вогIур хилча, Iумар хир вара и аьлла волу, шайтIа а ца догIу хьо вогIучу новкъа шена Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) баьхна волу Iумар ибн ХаттIáбана жоьжахатехь иблисана чул а чIогIа Iазап хир ду бохуш берш?!

Я кху умматехь, Пайхамар а (саллаллахIу IалайхIи ва саллам), Абу Бакр а, Iумар ибн ХаттIáб а дIаваьлча, уггаре хьалхара стаг, веза эвлаяъ, бусалба нехан кхозлагIа халиф, ялсаманица кхаъ баьккхинчу иттаннах кхозлагIниг, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шен ши йоI яхийтина, цхьаъ кхелхича, шолгIаниг йохуьйтуш, цул тIаьхьа иза а кхелхича, шен кхин йоI елхьара, кхозлагIа а йохуьйтур яра ша олуш, маликашна хета Iусмáнах эхь бохуш, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шена тоьшалла дина, шен цхьана куьйга тIе важа куьг тухуш, хIара Iусмáнан метта байIат ду бохуш, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шена байIат дина волу, халачу хенахь гIазотана эскар кечдина волу, и кечдиначунна Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) ялсамани ю аьлла тоьшалла а дина, Рýмах I олу гIу эцначунна ялсамани

ю Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) аьлча, и эцарехь хьалхаваьлла волу Iусма́н ибн Iаффа́н мунафикъ хилла, керста хилла, иза керста ца хетарг шиIийх а вац бохуш берш?!

Иштта кхин масане боьхалла ю церан, ерриге йийца а лур йоцуш. Ткъа кху вай гочдиначу жайнахь билгалйоккху цу боьхаллех цхьаерг, цара и боьхалла шайн муьлха жайнахь юьйцуш ю билгал а деш. Цхьаболчарна моьтту уьш цу шиIашна тIекхуллуш харцонаш ю, цара цу тайпа дерг ца дуьйцу моьтту, кхиверг Iехало, цу боьхаллах лаьцна ша цу шиIашка хаьттича, цара шаьш и боьхалла ца юьйцу олий. ШиIийн «такъийййахI» олуш хIума ду, цуьнан чулацам - шен дагчуьра бакъдерг гучу ца доккхуш, къайладахьар, хьоьгара шена кхерам белахь, я хьо шех ца къахко. Ткъа и такъийййахI лело дезаш шайн динах коьрта хIума, мелхо а, важиб лору цара, цундела ахь тIе а вахана, шиIичуьнга хаттахь, аша иштта а, вуьштта а олий тхан Къуръанах, я Пайхамарах (саллаллахIу IалайхIи ва саллам), я цуьнан асхьабех, я цуьнан хIусамнанойх лаьцна, цара иза бакъдийр дац, амма цара баккъал а иза бакъдеш ду я дац хаа лаахь, ахь хатта цаьрга кху жайнахь шайн цIершца схьабалийна и боьхалла юьйцуш болу церан Iеламнахах, я цара яздина жайнех лаций, хьуна билгалдер ду и боьхалла юьйцуш болу шайн Iеламнах а, цара яздина и жайнаш а цара къобалдеш, деза а, сийлахь а лоруш хилар.

Кхин а, шайн боьхаллах адам Iеха муха до цара аьлча, шиIичо ша шиIий вуй атта хьуна хаа а ца хоуьйту, мелхо а, ша Пайхамаран (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) цIийнах стаг ву олу, къурайшийн тайпанах волуш, тIаккха муьлхха а бусалба стеган дагчохь цуьнца чIогIа ларам хуьлу, иза хила безаш а бу, нагахь баккъал а Пайхамаран (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) цIийнах стаг и хилча-м, делахь а, цара нах Iехош, нах шайна тIеберзош лелош хIилла ду иза. Иштта ша Пайхамаран (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) цIийнах ву олий хьан дог эца а оьций, тIаккха жим-жимма шен болх дIаболабо. Ца болабо шен боьхалла ма-ярра гучу а йоккхуш-м. ХIан-хIа. Мелхо, нийсонах хьо шеквийха волаво цо. Масала, цо олу: «Хьажахьа, цхьа хьадис а гина, ма цецвели-кх со. Сахьи́хь Бухáрий чуьра ду и. Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) дIакхелхича, цуьнан йоI Фа́тIымат еънера Абу Бакрана тIе, шен дех дисина ирс эцийта шега аьлла, ткъа Абу Бакра ца эцийтина-кх цуьнга ирс. Фа́тIымат кхин цкъа а ша йистхир яц цуьнга аьлла дIаяхана». ХIара ма ду Iилма доцучуьнан кхин цахиллал боккха цакхетам кхоллабала, кхераме шеко а кхолла бахьана! Ткъа дуй цу кепара хьадис Сахьи́хь Бухáрий чохь? Долуш ду. И жайна ма ду, Къуръанал тIаьхьа, уггаре а хьалхара жайна бусалба нехан! Шена чохь цхьа а даIи́ф хьадис доцуш, цIена бух болучу сахьи́хь хьадисех лаьтташ долу жайна! Цхьа а агIо ма ца юьсу лакхара дийцар бакъ хир дац ала! Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) дIаваьлча, вайн хьалхара стаг лоруш волу Абу Бакра муха лелайо Элчанан (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) йоьIаца оццул йоккха харцо? «Ца хилла те Абу Бакр, вуьйцуш ма-

хаззара, дика стаг?», - олий, кхераме шеко кхоллало! Ткъа хӀун дара цигахь хилларг? Абу Бакра шеггара дина хӀумма а дацара, мелхо а, хьадисо бохург динера цо! Пайхамара (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) аьллера: «Пайхамарех бухадисинчух ирс оьцуш дац, мелхо а, иза сагӀина дӀайсадоькъуш ду». Шайн стаг велча, наха ма-эццара, пайхамарийн верасийн йиш яц царех дисинчух ирс эца, мелхо а, церан бахам сагӀина дӀайсабоькъуш бу, и дара Абу Бакра динарг. Цу хьокъехь долу хьадис девзуш ца хиллера Фа́тӀыматна, ткъа Абу Бакра шена билгалдича, кхин ирс эцар хьахош йистхир яц ша аьллера цо. Ша кхетта бохург дара цуьнан иза.

ШиӀаша адам нийсонах шекдаккха лелочу хӀилланийн цхьа масал дара хӀара. Ткъа хӀинца церан некъ дукха чӀогӀа баржош бу дуьнен тӀехь, хӀунда аьлча керстанашна уггаре пайде некъ бу иза. Цундела, церан гӀоьнца, цу тӀехь дӀахьуш ондда болх бу, къаьсттина нохчийн къомана тӀехь и болх чекхбаккха Ӏалашо йолуш а бу уьш. Церан гӀараваьллачу Шайх Я́сир Хьаби́ба шен къамелехь олу: «Хир бацара нохчех террористаш, уьш шиӀий белхьара». Цул тӀаьхьа тӀеолу цо: «ТӀедогӀу деног вайгахь ду шуна». Ткъа иза ма ду керстанашна уггаре дезаш долу хӀума, терроризм дӀаяккха гӀерташ ду шаьш бохуш лелаш болу. Цундела Шайх Я́сир Хьаби́б веха Лондонехь, телевиденехь шен канал а йолуш!

ШиIийн некъ вайна юккъехь баржош лелочу белхех ду: вайн цIена тарих Иранехь ю бохуш болийна болх а, цхьацца церан жайнаш даржа дуьйладалар а, алссам церан хьадисаш даржар а!

Дерзош, кху жайнахь, кхетош, буха яздинарг жайна яздиначуьнан къамел дац, ас-сайгара тIетоьхна ду.

АллахIе доьху ас, кху тIехь бина болх беркате бар а, кху белха тIехь долу сан гIалат билгалдеш хаам бинчух къинхетам бар а.

***<u>Гочдина ваьлла 22. 06. 2021 ш, пхьуьйра хан хуьлуш.</u>***

# ШиIийн дин ду иза!

АллахIана хастам бу-кх, суннатна а, исламна а, динна а суннатан охIланан керахула гIо деш волчу! Салават а, салам а хуьйла вайн Пайхамар волчу Мухьаммадна а, цуьнан охIланна а, цуьнан асхьабашна а, къемат-де кхаччалц диканца царна тIаьхьабаьзначарна а.

**Цул тIаьхьа:**

Дагна халахетар деш, бIаьргаш белхочух ду-кх дуккха а бусалба нах ра́фидитин шиIех Iехабалар. Цхьаболчарна-м мотта а моьтту вайна а, царна а юкъара къовсам фикъхIан къовсам бу, деа мазхIабна юкъахь ма-хиллара. Ткъа хIара болх дукха кхераме хиларна, суна хьахо лиира-кх дуккха а бусалба нахана цадевзучух цхьадолу бакъдерг.

**Сан бусалба ваша, хьуна хаьий, ра́фидитех болу шиIаша Лекха волчу АллахIана Iибадат деш шаьш цахилар лечкъа а ца дой?!**

ШиIийн Iеламнахах хьалхара лоруш волчу НиIматуллахI Жаза́ирис боху: «Вай ахIлус-суннатехь болчаьрца цхьаьна ца кхета Дела цхьаъ хиларна тIехь а, я Пайхамар цхьаъ хиларна тIехь а, я имам цхьаъ хиларна тIехь а, хIунда аьлча цара боху: «Тхан Дела - Мухьаммад Шен пайхамар верг ву, цул тIаьхьа халиф Абу Бакр а волуш». Ткъа вай къобал ца во и Дела а, я и Пайхамар а! Шен Пайхамаран халиф Абу Бакр волу Дела вайн Дела вац! Я и Пайхамар вайн Пайхамар а вац!». [Анва́рун-нуIма́нийяхI, агIо: 1/278]

ХIара цу яздархочуьнан къеггина къамел ду-кх, Лекха а, ЦIена а волчу АллахIана Iибадат деш шиIий цахилар гойтуш, цара Iибадат дийриг кхин дела ву, шен пайхамар Мухьаммад (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) воцу.

**Хьуна хаьий, ра́фидитех болу шиIийн динехь цаторуш долчу хIуманех лоруш дуй Къуръан галдаькккхина ду алар?!** [1]

Церан Муфи́д олучу Iеламстага, цунна и цIе тиллинарг шайн имам МахIдий ву а бохуш, МахIдис цуьнга: «Кхетаме ваша, нийсонан эла», - аьллера бохуш волу,[2] шиIийн барт хилла хIума ду олий даладо, Сийлахь Къуръан галдаькккхина хилар. Цо боху: «Има́миййат тобанан барт хилла-кх белларш юхабахка безаш хиларх тешар важиб ду аьлла.[3] Иштта барт хилла тиллачу имамаша Къуръанчу дуккха а

---

[1] ШиIашна гергахь динехь цаторуш долу хIума къобалдеш воцург шиIий лоруш а вац, вуьштта аьлча, шиIийн динчуьра араваьлла лору. ТIаккха «Ра́фидитех болу шиIийн динехь цаторуш долчу хIуманах лоруш ду Къуръан галдаькккхина ду алар» бохучуьнан маьIна - Къуръан галдаькккхина дац бохург, царна гергахь, шиIийн динехь лоруш а вац! Ткъа АллахIа боху Шен Сийлахьчу Къуръан чохь: **«Къуръан баккъал а Оха доссийна ду, галдаккхарх баккъал а Оха лардеш а ма ду».** [Сурат: Хьижр, а́ят: 9] Галдаккхарх АллахIа Ша лардеш ду бохуш долу Къуръан галдаьлла дац аьлларг шиIаша шайн динехь лоруш а вац, кхул доккха хIун тилар хир ду?!

[2] Иза дукха веза, воккха Iеламстаг лоруш дуьйцуш ду и дерриге цуьнан хьокъехь.

[3] Беллачех шина тайпа нах юха дуьненчу схьабахка безаш бу боху шиIаша, цIена бусалба нах а, боьха керста нах а. ЦIена бусалба нах - Делан нийсачу хьукманца бехар болуш, МахIдий керахула дIахоьттина долу. Ткъа боьха керста нахаца мостагIалла, дов хир долуш. «Раса́илул-муртадый» олу шиIийн жайнахь иштта и дуьйцуш ма-хиллара, 1/125 агIон тIехь.

Ткъа цара вуьйцу МахIдий а вац, Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) вайна хьадисашкахь вийцина волу МахIдий. Цара къобалвеш верг церан шайн МахIдий ву, Мухьаммад ибн Хьасан Iаскарий, 225-гIа шарахь дуьненчу ваьлла волу, ткъа иза цу хенахь дуьйна хIинца а дийна а волуш, дуьнен чохь лелаш ву, къайлаваьлла ву боху цара, тIаьххьара заманахь гучувала а везаш!

хIуманаш шайггара яздина хиларна тIехь, доссийначух дуккха а хIуманах дIахьаьвзина уьш, Пайхамаран (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) суннатах а». [Ава́илул-макъа́ла́т, агIо: 56]

Церан Шайх Ну́рий ТIабрасий, цара хьадис Iилманан имамийн а имам ву олуш волу, цо жайна яздина-кх «Хадамбеш къамел, делийн а Дела волучуьнан жайна галдаьккхина хилар» аьлла цIе йолуш, цу чохь цо хьахийна ши эзар сов шайн дийцарш хилар, тIетевжуш долчух, Къуръан галдаьккхина хиларан хьокъехь.

Ткъа хIинца шиIийн цхьаболчу Iеламнаха шаьш ца боху Къуръан галдаьккхина ду олий, инкарло яр - иза церан такъийяхI[4] ю, бакъдерг бусалба нахана гучударх ларлуш.

[4] Ткъа такъийяхI хIун ю церан шайн Iеламстаг волчу Шайх Муфи́да дуьйцу, «Тасхьи́хьу иIтикъа́да́тил-има́мамийяхI» олу шен жайнахь, 137 агIон тIехь, цо боху: «ТакъийяхI - бакъдерг къайладахьар, цу бакъдолчуьнан хьокъехь йолу хьайн Iакъидат лачкъор, хьайн Iакъидатехь боцучарех иза хьулдар, царна гучу ца валар ду, хьайн динна а, дуьненна а хир долчу зенах ларлуш».
Ткъа и такъийяхI шиIашна гергахь мел коьрта хIума ду аьлча, церан Iеламстаг лоруш волчу Шайх Саду́къа боху, «ИIтикъа́да́ту фи́ ди́нил-има́мийяхI» олу шен жайнахь, 107 агIон тIехь: «ТакъийяхI лелор важиб ду». Иштта цу такъийяхI хьокъехь хьадисаш а ду церан, шиIийн Iеламстаг лоруш волчу Шайх Мухьаммад Рида́ Музфира «Iакъа́идул-има́мийяхI» олу шен жайнахь дала ма-дарра: «ТакъийяхI лелош воцучуьнан дин а дац».
Цундела шиIичо шен дагчохь дерг ма-дарра хьуна гучу ца доккху, нагахь хьоьгара шена кхерам бу аьлла хетахь, я хьо шех къаьхкар ву аьлла хетахь. Ахь тахана хаттахь, дуккха а шиIаша хьоьга ала тарло Къуръан галдаьккхина ца хета шайна, амма цара къобалдеш долчу

**Хьуна хаьий, шиІийн Іеламнаха олий, Пайхамар (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) шен девешин Абу ТІáлибан накхах векхаш хилла?!**

ШиІийн шайх волу, Исламан тешам аьлла шен цІе йоккхуш а волу Мухьаммад ибн ЯІкъýб Кулайнис шен «Кáфий» олу жайнахь, иза ду церан уггаре коьртачех долу жайна, аьлла: «Абу Басы́ра дийцина Абу ІабдуллахІера (ІалайхІис-салам): «Пайхамар (саллаллахІу ІалайхІи ва саллам) дуьненчу ваьлча шура йоцуш деношкахь Іийра, тІаккха Абу ТІáлиба шен накха белира цунна, тІаккха АллахІа цуьнан накхи чу шура а йоссийна, цунах векхаш Іийра Пайхамар цу деношкахь, Абу ТІáлибна саІдий тайпанах йолу Хьали́мат караяллалц, тІаккха цуьнга дІавелира цо иза». [Кáфий, агІо: 1/448]

---

жайнашкахь, цара баккхий шайн имамаш лоруш болу церан Іеламнаха Къуръан галдаькkхина ду боху, лакхахь вайна гуш ма-хиллара!

**Хьуна хаьий,** **шиIийн Iеламнаха маликашна тIекхуллу харцо, уьш АллахIана Iеса хуьлу бохуш, царна Абу ТIа́либан кIант Iалий а ца веза бохуш?!**

Церан шайх волу, «Сийлахь-тешаме верг, цIе яххана мухьаддис» аьлла шен цIе йоккхуш волу Абу ЖаIфар Саффа́ра дийцина, «Баса́ируд-даража́т» цIе йолчу шен жайнин 68 агIон тIехь, Абу IабдуллахIера (IалайхIис-салам), цо аьлла: «Муъмин нехан амиран вилайат АллахIа маликашна гайтира, тIаккха маликаша къобалйира иза, ФутIрус олуш долу цхьа малик дуьхьалделира къобал ца еш, тIаккха АллахIа цуьнан тIам кагбира».

Ткъа Лекха волчу АллахIа боху Шен маликийн хьокъехь: **«АллахIа шайга динчу омранна Iеса хуьлуш дац уьш, шайна тIедиллинарг кхочуш а до цара».** [Сурат: Тахьри́м, а́ят: 6]

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха олий, Абу ТIа́либан кIант Iалий иблисана дукхавеза, цуьнгахьа гIо а доккху цо?!**

Церан шайх волу Саду́къа, «шен заманан имам» аьлла шен цIе йоккхуш волу, Имам Iалийн хьокъехь аьлла-кх: «Цу шена неIалт хиллачунна тIаьхьаведира со (иблисана), тIаккха цунна тIе а кхиъна, иза лаьтта охьа а диллина, цуьнан накхи тIе охьа а хиъна, цуьнан садукъдан легаш схьалецира ас! ТIаккха цо элира: «ХIай Хьасанан да, ма дехьа иштта дерг, со къемат-де даллалц даха хан елла ма ду, валлахIи, хIай Iалий, хьо чIогIа дукха ма веза суна, хьо ца везаш ма вац цхьа а, шен да шен ненаца вуьжуш ас дакъалаьцнарг бен, цу тIехула иза зинах кхоллавелла а волуш». ТIаккха велавелира со, дIа а хийцира ас иза». [Iую́ну ахба́рир-рида́, агIо: 1/77]

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха бохий, шиIий хуьлуш вац, Пайхамаран (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) асхьабашна а, цуьнан хIусамнаношна а неIалт аллалц, царах дIа а цIанваллалц?!**

Церан шайх волу Мухьаммад Ба́къир Мажлисис, «Iеламнехан корта, хадамбийриг, умматан дозалла» аьлла шен цIе яхана волу, аьлла: «ДIацIандаларан хьокъехь йолу вайн Iакъидат - еа жаIарах вай дIацIандалар ю-кх: Абу Бакр, Iумар, Iусма́н, МуIа́вият. Иштта еа зудчух а дIацIандалар: Iа́ишат, Хьафсат, ХIинд, Уммул-Хьакам. Царна тIаьхьа мел ваьзначух а, царах хоттаелла массо тобанах а дIацIандалар, уьш бу-кх лаьттан букъ тIехь долчу АллахIан халкъах уггаре вон нах. ТIаккха АллахIах а, Цуьнан Элчанах а, имамех[5] а тешар кхочушхуьлуш дац хьуна, церан мостагIех дIацIанвелча бен». [Хьаккъул-якъи́н, агIо: 519]

Иштта Мажлисичо боху: «Кху умматан фирIовн, ХIа́ма́н - Абу Бакр а, Iумар а ву». [Бихьа́рул-анвар, агIо: 30/410]

---

[5] «Имамаш» бохучух лууш дерг - шийтта имам ву церан, пайхамарш санна гIалатбовларх ларбина бу, Делера хаамца хаьржина, царах тешар важиб ду боху цара, цундела цаьрга кхайкха а кхойкху, церан цIарца шаьш юучу хIуманна урс хьокху, иштта кхидолу а динехь мегар доцу белхаш леладо.

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха Абу Бакр Сиддыкъана (АллахI реза хуьйла цунна) тIекхуллуш дерг, цо Пайхамарна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIаьхьахIоьттина ламаз дора, шен кочахь жаIар йолуш, сужуд цу жаIарна дора цо бохуш?!**

Церан Iеламнахана юкъахь коьрта лоруш волу НиIматуллахI Жаза́ирис боху: «Кху хьадисах цец ма валалахь, къаьсттина дийцинчу хьадисех ду хIара, Абу Бакра ламаз дора АллахIан Элчанна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тIаьхьа а хIуттий, шен кочахь жаIар йолуш, сужуд цу жаIарна а деш». [Анва́рун-нуIма́нийййахI, агIо: 1/53]

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха олий, Iумар ибн ХаттIáбна (АллахI реза хуьйла цунна) жоьжахати чохь иблисана чул а чIогIа Iазап хир ду?!**

Церан Iеламнахана юкъахь коьрта лоруш волу НиIматуллахI Жазáирис боху: «Къаьсттина долчу дийцаршкахь деъна, шайтIа далор ду къемат-дийнахь майдане, жоьжахатин аьчках долу кхузткъе итт буржал тоьхна долуш, тIаккха шена хьалха Iазапна маликаша лаьцна валош стаг гур ву цунна, шен лагах тоьхна цхьа бIе ткъе итт жоьжахатин буржал долуш, тIаккха шайтIано, тIе а хилла, хоттур ду: «Хьо дакъазваьллачо динарг хIун ду, суна чул Iазап совдаккхал, со ма дара дерриге халкъ галдаьккхинарг, хIаллакьхиларе уьш бигинарг?». ТIаккха Iумара жоп лур ду шайтIанна: «Абу ТIáлибан кIант Iалийгара халиф хилар схьадаккхар бен хIумма а ма ца динера ас»». [Анвáрун-нуIмáниййахI, агIо: 1/18-28]

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха Iусма́н ибн Iаффа́нна (АллахI реза хуьйла цунна) тIекхуллу харцо? Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) шен ши йоI яхийтина волу, цхьаъ елча, важа йохуьйтуш, шен кхозлагIа яхийта йоI елхьара, иза а Iусма́не йохуьйтур яра ша аьлла волу, шиIийн Iеламнаха иза кафир хилла, мунафикъ хилла боху!!!**

Церан шайх волчу НиIматуллахI Жаза́ирис боху: «Iусма́н - Пайхамаран (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) заманахь, ша бусалба ву а бохуш, тIехула моттаргIанаш лелош, кийрахь мунафикъалла лачкъийначех хилла ву». [Анва́рун-нуIма́ниййахI, агIо: 1/81]

Мелхо а, шайна тIаьхьабозучарна важиб а деш тIедуьллу цара Iусма́н ибн Iаффа́наца (АллахI реза хуьйла цунна) мостагIалла хилар а, цунна такфир дар а, цуьнан сий тIе кховдар хьанал а до. Церан шайх волу Каркичо боху: «Шен дагчохь Iусма́наца мостагIалла доцург, цуьнан сий тIе кховдар хьанал ца деш верг, иза керста ца хеташ верг - иза АллахIан а, Цуьнан Элчанан а мостагI ма ву! АллахIа доссийначуьнца керстаналла дина ма ву!!!». [Нафахьа́тил-ла́хIу́т, агIо: 105]

**Хьуна хаьий, Абу ТIáлибан кIант Iалий а (АллахI реза хуьйла цунна) ца ваьллий шиIийн Iеламнехан Iоттарех кIелхьара?!**

Цара аьлла-кх иза чуьрк ю!!! **«АллахI вац эхь хеташ чуьрках масал дало я цул а йоккхачух а»,**[6] - бохучу АллахIан дешнийн кхетам схьабостуш, шиIийн уггаре воккха Iеламстаг лоруш волу Iалий ибн ИбрáхIи́м Къуммичо боху: «Абу IабдуллахIа (IалайхIис-салам) дийцина, АллахIа хIара масал бусалба нехан амир волчу Iалийх (IалайхIис-салам) далийна ду. «Чуьрках» бохучух лууш дерг - бусалба нехан амир (IалайхIис-салам) ву. «Я цул а йоккхачух а» бохучух лууш дерг - АллахIан Элча (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) ву». [Тафси́рул-къуммий, агIо: 1/34]

ХIокху дийцарна тIетуху Мужтабá Ши́рáзис: «Сийлахь дийцар ду хIара, Имам Iалий чуьрк ю алар».

---

[6] Сурат: БакъарахI, áят: 26

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха бусалба нехан нана йолчу, ворхI стигал тIехулара АллахIа цIанйина йолчу Iáишатна (АллахI реза хуьйла цунна) тIе харцо кхуллий, иза боьха къа деш харцхьалелла олий?!**

**«Керстанийн хьокъехь АллахIа масална ялийна Нýхь-пайхамаран зуда а, ЛýтI-пайхамаран зуда а, и ший а Тхан лешха дикачу лешкахь марехь яра, ткъа и шиъ ямарт хилира шаьшшиннан майрошна»,**[7] - кху аятан кхетам схьабостуш, Къуммичо а, Мажлисис а боху: «АллахIана лиина дац «и шиъ ямарт хилира» бохучу дешнех харцхьалелаш, боьха къа дар бен, оцу хьенехана[8] цу къинах таIзар ца деш дуьтур-м дац хьуна, Басратера схьайогIучу новкъахь цо диначух». [Тафси́рул-къуммий, агIо: 2/377]

Вуьштта аьлча, шиIийн схьаван везачу МахIдис бусалба нехан нана йолу Iáишатан дакъа кошара хьала а даьккхина, боьха къа деш, харцхьалеллачунна дан догIу таIзар дийр ду боху цара!!! АллахIа сийсазбойла уьш.

Церан Iеламстаг волу, Хьáфиз Ражаб Бурсий олучо далийна: «Iáишата ямартлонца шовзткъа динар вовшах а тоьхна, Iалий цавезачарна дIайсадекъънера». [Машáрикъу анвáрил-якъи́н, агIо: 86]

Мелхо а, цара олу-кх «Фадак» а, иштта кхийолу каналаш тIехь а, иза нахацалелларг ю! АллахI реза хуьйла цунна.

[7] Сурат: Тахьри́м, áят: 10
[8] Iáишат ю юьйцург

Ткъа хьо вуй реза хьайн нана лоруш йолчу, Пайхамарна (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) дукхаезаш йолчу Iáишатна хIара дийцийта?

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха лорий АллахIан Элча (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) Абу Бакра а, Iумара а, Iа́ишата а, Хьафсата а (АллахI реза хуьйла царна) вийна?!**

Церан шайх волу, мухьаддис аьлла шен цIе яхана волу Iаййа́шис шен тафси́рехь боху: «Абу IабдуллахIа (IалайхIис-салам) дийцина, цо аьлла: «Пайхамар велла я вийна ву хаьий шуна? АллахIа боху: **«И велча я вийча шайн динах юхадовлу шу?».**[9] Валале дIовш теснера цунна, цушимма даийнера цунна и, Iа́ишат а, Хьафсат а яра и шиъ, вай боху-кх, и шиъ а, цушиннан дай а АллахIан халкъах уггаре вон берш ма бу». [Тафси́рул-Iаййа́ший, агIо: 1/200]

Мажлиси́чо боху Iаййа́шис дийцина Са́дикъера магош йолчу зIеца: «Iа́ишата а, Хьафсата а, цушиннан шина дас а вийна АллахIан Элча, кечдиначу дIаьвшаца». [Хьая́тул-къулу́б, агIо: 2/700]

[9] Сурат: А́ли Iимра́н, а́ят: 144

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха ахIлус-суннатна тIе харцо кхуллий, уьш къотIалгIа бина бу олий?!**

Церан шайх волу, «Исламан тешам» аьлла шен цIе йоккхуш а волу, церан уггар сахьи́хь лоруш долу «Ка́фий» жайнахь, 8/285 агIон тIехь боху Кулайничо: «Дерриге адам ду багIий болчу зударех схьадаьлла, вай доцурш».

Ткъа «багIий» дукха нахацалелаш ерг хилар девзуш ду-кх.

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха олий, Iарафа́т дийнахь Хьусайнан коша тIе вахар, миллион хьаж а, Iумрат а дарал а деза ду?!**

Церан шайх волу, яздархо, фикъхIан Iеламстаг, кхоччуш мухьаддис а аьлла шен цIе яхана волу Хьуррул-Iа́миличо дийцина, ЖаIфар Са́дикъа аьлла: «Iарафа́т дийнахь Хьусайнан коша тIе ваханчунна АллахIа эзарзза эзар Къа́имаца (IалайхIис-салам) хьаж дича санна, эзарзза эзар АллахIан Элчанца Iумрат дича санна яздийр ду, эзар лай хьалхавитича санна, АллахIан новкъахь эзар говр кечйича санна. Сийлахь-Тоьлла волчу АллахIа цуьнан цIе а йоккхий, «Бакъволу Сан лай, Сан мавIидах тешаме а хили и», - олу. Маликаша олу: «Хьенех бакъверг ву, Iаршан тIехулара АллахIа хастийна иза»»». [Васа́илуш-ши́IaxI, агIо: 10/360]

ХIорш декъаза некъаш ду, Iарафа́т дийнахь хьаж дарх нах Кербелайхь долу Хьусайнан коша тIе берзо лелош.

**Хьуна хаьий, шиIийн Iеламнаха лорий, шиIий боцуш, кхидIа Хьаж-цIа мел боьлхурш маймалш а, хьакхарчий а?!**

Церан шайх волу, сийлахь-тешаме верг, цIе яххана мухьаддис аьлла шен цIе йоккхуш волу Абу ЖаIфар Саффáра дийцина, Абу Басы́ра элира аьлла: «Абу IабдуллахIаца хьаж дан вахара со, тIаккха тхо тIаваф деш долуш, ас элира цуьнга: «Со махийна хуьйла хьуна, хIай АллахIан Элчанан кIант, гечдийр дуй АллахIа кху халкъана?». ТIаккха цо жоп делира: «ХIай Абу Басы́р, хьуна гуш болучарех дукхахберш маймалш а, хьакхарчий а ма ю». Юха а хаьттира ас цуьнга: «Гайтахьа суна уьш». Цхьа дешнаш а олуш, шен куьг ластийра цо сан бIаьргашна хьалха, тIаккха суна уьш маймалийн а, хьакхарчийн а суьртехь гира. Кхеравелира со, цул тIаьхьа юха куьг ластийра цо сан бIаьргашна хьалха, тIаккха дуьххьара суна ма-гарра адамийн суьртехь дIахIиттира уьш». [Басáируд-даражáт, агIо: 260]

# Массарна а хоийла

1- И вай дийцинарг, лаьмнаш атаделла охьадаггIал, вон, боьха, сийсаза ду-кх. АллахIе далхадо-кх вай, ницкъ, гIора ма дац Лекха а, Воккха а волчу АллахIан бен. АллахI реза а хуьйла берриге асхьабашна а, бусалба нехан наношна а[10].

2- Лакхахь вай хьахийна долу жайнаш, шиIашна гергахь лаккхара меттиг йолуш ду, уьш цара къобалдеш, деза лоруш а ду, уьш яздинарш цара хеста а бо, доIанаш а до царна, дукха чIогIа уьш баз а бо.

**ТIаьххьара а:** хIорш бусалба лорийла дуй?!

[10] Пайхамаран хIусамнаной бу буьйцурш, уьш бусалба нехан наной лоруш бу. АллахIа боху Шен Сийлахьчу Къуръан чохь: **«Пайхамаран хIусамнаной бусалба нехан наной бу».** [Сурат: Ахьза́б, а́ят: 6]

*«Кхеташ делара-кх сан къам». [Сурат: Ясӣн, аят: 26]*

*Хастам бу Шен ниIматашца диканиг кхочуш хуьлуьйтуш волчу АллахIна. АллахIера салават а, салам а хуьйла Iаламех къинхетам бан ваийтинчу вайн Пайхамарна!*